

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

Chapit 1 Koneksyon ak aljèb

Nan Chapit 1, ou te aprann kouman pou sèvi ak ekspozan pou w ka ekri ak evalye ekspresyon epi ou te aprann nan ki lòd pou w fè operasyon yo. Ou te tcheke solisyon ekwasyon ak inegalite epi ou te itilize modèl vèbal ak modèl aljebrik pou reprezante sitiwayon lavi reyèl. Ou te itilize tablo ak grafik pou oganize done ak pou reprezante fonksyon.

Ale nan Chapit Revisyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 54 nan liv la.

Leson 1.1 Varyab nan aljèb

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *varyab, valè, ekspresyon varyab, kouman pou evalye ekspresyon, analiz, yon inite, modèl vèbal.*

Premye objektif Leson 1.1 se pou evalye yon ekspresyon varyab. Yon varyab se yon lèt yo itilize pou reprezante yon nimewo oswa plis. Pou evalye ekspresyon $10 - y$, kote $y = 4$, ranplase y pa 4 pou w jwenn $10 - 4$. Lè w fini, senplifye li pou w jwenn 6 .

Dezyèm objektif Leson 1.1 se pou itilize sa w aprann deja yo pou ekri yon ekspresyon varyab ki fèt sou fòm sitiwayon lavi reyèl.

Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 7. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 3 a 5 yo.

Leson 1.2 Ekspozan ak pisans

Mo ki enpòtan pou konnen: *pisans, ekspozan, baz, ak senbòl gwoupman.*

Premye objektif Leson 1.2 se pou evalye ekspresyon ki gen ekspozan ladan yo. Yo rele yon ekspresyon tankou 4^6 yon pisans. Ekspozan 6 la reprezante kantite fwa yo itilize baz 4 la kòm faktè. Pou evalye dezyèm ekspresyon an, $(10 - b)^3$ kote $b = 3$, ranplase b pa 3 pou w ka jwenn $(10 - 3)^3$. Fè operasyon ki nan parantèz la anvan: $10 - 3 = 7$. Answit elve 7 nan pisans 3 : $7 \cdot 7 \cdot 7 = 343$

Dezyèm objektif Leson 1.2 se pou itilize ekspozan nan pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou jwenn volim yon akwaryòm.

Koulye a eseye, Egzèsis 8 a 13. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 9 a 11 yo.

Leson 1.3 Lòd operasyon

Yon tèm ki enpòtan pou konnen se: *lòd operasyon.*

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

Premye objektif Leson 1.3 se pou itilize lòd operasyon pou evalye ekspresyon aljebrik. Kòmanse ak operasyon ki andedan senbòl gwoupman yo. Lèfini, evalye pisans yo. Answit fè miltiplikasyon ak divizyon yo, kòmanse sou bò goch ale sou bò dwat. Anfen, fè adisyon ak soustraksyon yo, kòmanse sou bò goch ale sou bò dwat. Pou evalye $550 - 4(3+5)^2$, premyèman evalye operasyon ki andedan senbòl gwoupman yo: adisyon $3 + 5$ pou jwenn 8. Answit, evalye pisans yo: $8^2 = 64$. Lèfini, miltipliye oswa divize: $550 - 4 \cdot 64 = 550 - 256$. Anfen, fè adisyon an oswa soustraksyon an: $550 - 256 = 294$. Lè wap evalye ekspresyon ki nan egzèsis 16 ak 17 yo, sonje byen ba fraksyon an se yon senbòl gwoupman, kifè ou fèt pou senplifye nimeratè a ak denominatè a separeman anvan ou fè divizyon an.

Dezyèm objektif Leson 1.3 se pou sèvi ak kalkilatè pou evalye ekspresyon lavi reyèl, pa egzanp pou kalkile taks sou pwodwi yo vann.

Koulye a eseye, Egzèsis 14 a 17. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 16 a 18 yo.

Leson 1.4 Ekwasyon ak inegalite

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *ekwasyon, fraz ouvè, solisyon yon ekwasyon, kouman pou rezoud yon ekwasyon, inegalite, ak solisyon inegalite.*

Premye objektif Leson 1.4 se pou itilize matematik mantal pou tcheke solisyon ak pou rezoud ekwasyon. Lè wa ranplase yon varyab pa yon chif nan yon ekwasyon pou wè si rezilta a vre ou fo, yo di wap tcheke yon solisyon ki posib. Pou tcheke si 4 se yon solisyon pou ekwasyon $5x + 3 = 18$, ranplase x pa 4 epi gade si $5(4) + 3$ egal 18. $5(4) + 3$ pa egal 18, ki fè 4 pa yon solisyon. Ou ka itilize menm pwosede sibstitisyon an pou tcheke solisyon inegalite tou.

Dezyèm objektif Leson 1.4 se pou tcheke solisyon inegalite nan pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou kontwole kantite kalori chat ou pran.

Koulye a eseye, Egzèsis 18 a 21. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 24 a 26 yo.

Leson 1.5 Yon plan pou itilize modèl pou rezoud pwoblèm

Mo enpòtan pou konnen: *modelizasyon ak modèl matematik.*

Premye objektif Leson 1.5 se pou tradwi fraz vèbal an ekspresyon aljebrik. Men sa pou w fè, chwazi mo ki endike operasyon yo. Lòd enpòtan pou soustraksyon ak divizyon, men pa pou adisyon ak miltiplikasyon. Sonje byen ekspresyon *mwens pase* a vle di soustraksyon epi *pi piti pase* vle di senbòl inegalite a.

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

Dezyèm objektif Leson 1.5 se pou itilize modèl vèbal pou ekri yon ekwasyon aljebrik oswa yon inegalite pou rezoud pwoblèm lavi reyèl. Pou bay egzanzp ak pou rezoud pwoblèm nan egzanzp lan, toudabò ekri yon modèl vèbal: kantite semèn = pri CD/kantite ki ekonomize pa semèn. Answit bay chak yon non : kantite semèn = w pri CD = 15.75 an dola; kantite ki ekonomize pa semèn = 5.25 an dola pa semèn. Koulye a ekri yon modèl aljebrik: $w = 15.75/5.25$. Itilize matematik mantal pou rezoud ekwasyon an: $w = 3$. Ou dwe fè ekonomi pandan twa semèn.

Koulye a eseye, Egzèsis 22. Si w bezwen èd, ale nan Egzanzp ki tou fèt ki nan paj 32 a 34 yo.

Leson 1.6 Tablo ak grafik (chema)

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *done, grafik an baton, ak grafik lineyè.*

Premye objektif Leson 1.6 se pou itilize tablo pou òganize done. Byen souvan li ede pou mete nimewo yo nan lòd kwasan oswa lòd dekwasan. Li ede tou pou gwoupe nimewo yo pou modèl la oswa tandans jeneral la ka parèt pi byen.

Dezyèm objektif Leson 1.6 se pou itilize grafik pou òganize done swivan lavi reyèl. Yon fason pou òganize done se ak yon grafik a baton. Gade grafik a baton ki nan egzanzp yo. Grafik la montre kantite twofe tenis gason ak fanm nan Etazini genyen nan Chanpyona Ostralyen, Chanpyona Franse ak tounwa tenis Wimbledon .

Ou ka wè gason ak fanm ki jwe tenis epi ki soti nan Etazini genyen 14 fwa nan Chanpyona Ostralyen an. Ou ka wè tou nan baton vè fonsè a Etazini gen gason ki genyen 10 fwa nan Chanpyona Franse a, tandiske fanm nan Etazini, swivan baton vè pal la, genyen 25 fwa. Kifè, fanm nan Etazini genyen 15 twofe anplis nan Chanpyona Franse a pase gason yo.

Koulye a eseye, Egzèsis 23 a 26. Si w bezwen èd, ale nan Egzanzp ki tou fèt ki nan paj 40 a 42 yo.

Leson 1.7 Yon entwodiksyon sou fonksyon

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *fonksyon, antre (input), soti (output), tablo antre-soti (input-output), domèn ak echèl.*

Premye objektif Leson 1.7 se pou idantifye yon fonksyon epi pou fè yon tablo antre-soti pou yon fonksyon. Yon fonksyon se yon règ ki etabli yon relasyon ant de (2) kantite, yo rele antre ak soti. Pou chak antre, gen *egzakteman* yon soti.

Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 1*

Konsidere egzanp sa yo. Ou konnen fil pou mete nan bobin nan kanapèch la koute de (2) santim pa yad. Yon zen koute \$3.50. Ou vle fè yon tablo antre/soti ki montre konbyen li koute antou pou ache yon zen ak 100, 200, 300 oswa 400 yad fil. Ranje anwo nan tablo a gen antre yo, oswa kantite yad fil pou mete nan kanapèch la. Ranje anba a gen soti yo oswa kantite li koute antou a. Ou konnen pri total la C egal pri li koute pa yad la (\$0.02) multipliyè pa kantite yad la $(n) + 3.50$. Kifè, pou yon antre 100 yard fil, soti a se $.02(100) + 3.50$ oswa 5.50.

Dezyèm objektif Leson 1.7 se pou ekri yon ekwasyon pou yon fonksyon lavi reyèl, pa egzanp relasyon ant presyon dlo ak pwofondè dlo.

Koulye a eseye, Egzèsis 27 a 29. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 46 a 48 yo.